

FAQ sou Enspeksyon Veyikil



Apèsi

Tout veyikil ki anrejistre nan Massachusetts dwe pase yon enspeksyon veyikil chak ane.

- Yo dwe enspekte veyikil ki fèk achte yo nan espas 7 jou apre anrejistremman an
- Enspeksyon yo koute \$35 pou pifò veyikil yo. Estasyon enspeksyon yo ka fè peye plis pou enspeksyon komèsyal yo.
- Enspeksyon motosiklèt koute \$15, epi yo dwe fèt nan yon estasyon enspeksyon motosiklèt Klas M ki otorize pou sa

Kondwi nenpòt veyikil otomobil san yon etikèt enspeksyon valab se yon vyolasyon kòd wout la. Li ka lakòz yon amann epi afekte to asirans ou.

Kisa yo fè lè mwen mennen veyikil mwen an nan enspeksyon?

Premyèman, yon enspektè ke eta a otorize ap bay machin ou yon enspeksyon vizyèl tou kout pou asire ke pa gen okenn kondisyon, tankou gazolin k ap koule, ki prezante yon danje imedya swa pou enspektè a oswa pou piblik la an jeneral. Yo dwe regle pwoblèm sa yo anvan yo kòmanse ak enspeksyon an.

Yon fwa ke veyikil ou a pase enspeksyon vizyèl la, w ap bezwen bay:

- Yon dokiman anrejistremman aktyèl (epi aktif) ki gen yon nimewo idantifikasyon veyikil (vehicle identification number, VIN) ki valab ki koresponn ak sa yo jwenn sou bò gòch devan tablodò a; ak
- \$35 frè enspeksyon an.

Plis enfòmasyon isit la: <https://www.mavehiclecheck.com/motorists-welcome>

Kesyon Enspeksyon Jeneral

Ki kote estasyon enspeksyon ki pi pre a ye?

Ou ka [jwenn estasyon enspeksyon ki pi pre a lè w sèvi ak zouti lokalizasyon nou an](#).

Ki kote M ap Jwenn Etablisman Sètifye nan Reparasyon Emisyon ki pi pre a?

Ou ka [jwenn Etablisman Sètifye nan Reparasyon Emisyon ki pi pre a lè w sèvi ak zouti lokalizasyon nou an](#).

Machin mwen an echwe nan enspeksyon li a. Kisa pou mwen fè kounye a?

Si veyikil ou a echwe swa enspeksyon sekirite a oswa emisyon an, li dwe repare epi repase tès li a nan 60 jou apre premye enspeksyon an. Li enpòtan pou w fè reparasyon ki nesèsè yo pi vit posib, sitou paske li ilegal pou w kondwi veyikil ou a anvan yo te fè reparasyon sekirite yo. Jiskaske yo re-enspekte veyikil ou a, asire w ke w kenbe resi reparasyon yo nan veyikil ou an kòm prèv ke w respekte lalwa. Li se bon pratik

tou pou kenbe resi reparasyon ki gen rapò ak emisyon nan ka kote veyikil ou a pa pase dezyèm tès li a epi ou bezwen aplike pou yon egzansyon oswa yon ekstansyon. Pou plis enfòmasyon, telechaje bwochi a [Veyikil mwen an echwe nan enspeksyon li a - Kisa Pou Mwen Fè Kounye a?](#)

Si machin mwen an echwe enspeksyon an, èske mwen ka aplike pou yon egzansyon pou emisyon pou machin mwen an? Èske mwen ka aplike pou yon Ekstansyon pou Reparasyon ki Gen Rapò Ak Difikilte Ekonomik pou Veyikil mwen an?

Wi. Si yon Teknisyen Reparasyon Emisyon ki otorize repare machin ou a epi machin nan pa pase dezyèm tès li a, li ka kalifye pou yon Egzansyon pou Emisyon pou yon ane. Si veyikil ou a bezwen yon gwo reparasyon, tankou yon transmisyon oswa yon tchèkòp nan motè, ou ka kalifye pou yon ane, ekstansyon sa pa renouvlab nan Reparasyon nan ka Pàn ki gen Rapò ak Difikilte Ekonomik. Jwenn yon egzansyon emisyon oswa yon ekstansyon ap satisfè egzijans pwogram yo, men yo dwe ranpli nan espas 60 jou apre premye enspeksyon ou a.

Poukisa mwen bezwen pote veyikil mwen nan yon Sant Asistans Otomobil (Motorist Assistance Center, MAC)? Kòman mwen ka jwenn yon randevou nan yon MAC?

Rapò Enspeksyon Veyikil ou a eksplike poukisa. Rezon yo ka gen ladan yo pwoblèm ki repete ak pwoblèm "preparasyon" sou òdinatè ki parèt inik nan veyikil ou a; ou gen yon veyikil espesyalize tankou yon machin kit; seleksyon owaza pou rezon evalyasyon pwogram yo, oswa pou pwoteje dwa w kòm yon konsomatè. Pou pran yon randevou nan yon MAC, tanpri kontakte Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-844-358-0135.

Ki egzijans yo nan zafè enspeksyon sekirite veyikil yo?

Yon enspeksyon sekirite pran anviwon 12 minit kote yo egzamine 14 pwen kle nan veyikil la. Pou plis enfòmasyon, tanpri [klike isit la](#).

Èske trelè mwen an bezwen enspekte?

Si yo itilize trelè ou a pou fè lajan, li nesesè pou li sibi yon enspeksyon komèsyal si trelè a gen yon evalyasyon pwa nominal veyikil brit (gross vehicle weight rating, GVWR) ki plis pase 3,000 liv, oswa si evalyasyon pwa nominal brit konbine veyikil la (gross combination vehicle weight rating, GCVWR) plis pase 10,000 liv.

Machin mwen an pa nan eta a kounye a. Kòman mwen ka fè pou yo enspekte li?

Si veyikil ou a pa nan eta a, ou dwe soumèt yon Fòmilè Enspeksyon Verifikasyon Andeyò Eta a (ki disponib nan seksyon [Resous Otomobilis](#)), epi fè enspekte li nan yon Estasyon Enspeksyon Verifye Veyikil nan Massachusetts nan 15 jou apre w retounen nan Commonwealth la.

Veyikil mwen an anrejistre nan yon lòt eta oswa yon lòt jiridiksyon. Èske mwen ka fè enspekte li nan Massachusetts?

Tou depan de eta kote veyikil ou a anrejistre, yo ka enspekte machin ou an nan yon estasyon enspeksyon pou Verifye Veyikil nan Massachusetts. Pou verifye si enspeksyon yon eta an patikilye gen resipwosite ak Commonwealth la, tanpri kontakte Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-844-358-0135.

Ki Kòd Pwoblèm Dyagnostik (Diagnostic Trouble Codes, DTC) OBD ki endike nan Rapò Enspeksyon Veyikil mwen an?

Yon "OBD,DTC" se yon kòd alfanimerik ki estoke nan sistèm enfòmatis dyagnostik ki abò machin ou an (OBD) lè li detekte yon pwoblèm ki gen rapò ak emisyon. Yo toujou gen yon move konsepsyon ke yon

DTC idatifye yon eleman espesifik ki se yon defo. Byenke pafwa se ka sa, gen plis ka kote li idatifye sèlman yon sentòm ke yon Teknisyen sètifye nan Reparasyon Emisyon itilize pou diminye, epi finalman, idatifye koz pwoblèm nan. Gen kèk DTC ki gen menm siyifikasyon an pou tout machin, tandiske gen lòt ki espesifik pou yon fabrikan. Motè a, transmisyon an, blòk fren yo, modil kòmann machin nan e menm sistèm bwat volan an. Pou enfòmasyon detaye sou "OBD DTC", "OBD Kòd defayans Pèmanan", ak "Done OBD Adisyonèl" yo bay sou VIR ou a ("Mileyaj Apre yo Efase Kòd la", "Chofaj Apre yo Efase Kòd la" ak "Pin 16 Vòltaj"), ou ta dwe mennen machin ou nan yon Etablisman Sètifye nan Reparasyon Emisyon.

Kòman mwen ka jwenn yon lòt kopi VIR mwen an?

Ou ka enprime yon kopi pou pwòp tèt ou sou sit sa a. W ap bezwen Nimewo Idantifikasyon Veyikil ou a (VIN), nimewo plak imatrikilasyon veyikil ou a ak "tip" plak imatrikilasyon veyikil ou a, ki sou papye anrejistremachin ou an. [Klike la pou enprime VIR ou a.](#)

Ki kote VIR la eksplike poukisa machin mwen an echwe nan enspeksyon li an?

Si machin ou a echwe nan enspeksyon li a, w ap jwenn rezilta enspeksyon sekirite machin ou a ak rezilta tès emisyon yo nan paj de VIR la. Seksyon sa yo site rezon egzak ki fè veyikil ou a te echwe a.

Veyikil mwen an echwe enspeksyon li a pou yon plak imatrikilasyon ki pèdi oswa ki andomaje. Kisa pou mwen fè kounye a?

Si veyikil ou a echwe enspeksyon sekirite li a pou yon plak imatrikilasyon ki pèdi oswa ki andomaje ou ta dwe aplike pou yon plak ranplasman imedyatman. Ou ka kòmande plak ranplasman an sou Entènèt nan Mass.Gov/myRMV. Yon fwa ou te kòmann plak ranplasman ou a (yo), w ap resevwa yon resi pèman. Y ap voye yon Pèmi pou Plak Imatrikilasyon pa lapòs ba ou tou nan 5-7 jou ouvrab yo. Ou ka itilize Resi Pèman an ak Pèmi pou Plak Imatrikilasyon an kòm prèv pou re-enspeksyon gratis machin ou a anvan ou resevwa plak ranplasman ou a si ou retounen nan estasyon enspeksyon orijinal la nan 60 jou apati dat premye enspeksyon an.

Enspeksyon Sekirite

1. Apèsi Vizyèl
2. Tès Fren yo
3. Mòflè
4. Volan ak sispanasyon
5. Klaksòn
6. Vitraj, Glas, Esi glas
7. Retwovizè
8. Aparèy Pou Ekleraj
9. Kawotchou ak jant
10. Pachòk, Defans ak Tank Gaz
11. Modifikasyon Wotè Veyikil la
12. Senti sekirite
13. Kousen gonflab
14. Bouchon Tank Gaz

Kesyon Enspeksyon Sou Sekirite

VIR a deklare ke fabrikan an te mande pou yo tounen machin mwen an. Kisa m ta dwe fè?

Kontakte konsesyonè w la oswa fabrikan veyikil la pou w detèmine si yo te fè reparasyon yo. Pou plis enfòmasyon sou machin yo mande tounen yo, [klike la](#) epi desann nan Enfòmasyon sou Rapèl Sekirite ak Emisyon yo.

E si rapèl VIR la te rive anvan m te posede machin mwen an?

Tou depann de sijè rapèl la, ou ka bezwen detèmine si pwopriyetè avan w lan te jere reparasyon an (yo). Tanpri kontakte yon konsesyonè oswa fabrikan an pou plis enfòmasyon sou yon rapèl espesifik.

Kisa k ap pase si lapolis arete m aloske mwen gen yon estikè rejè sekirite, men mwen deja pran randevou pou yo fè reparasyon yo?

Ou pa ta dwe kondwi yon veyikil ki echwe nan enspeksyon sekirite li epi ki poko repare. Si w kontinye kondui veyikil ou a, lapolis ka akize w paske w ap kondwi yon veyikil ki reprezante yon danje. Apre ou fin repare defo sekirite yo, Sètifika Rejè ou a pèmèt ou kondui veyikil ou a jiska 60 jou, pandan w ap fè aranjman pou re-enspeksyon an. Jiskaske yo re-enspekte veyikil ou a, asire w ke w kenbe resi reparasyon yo nan veyikil ou an kòm prèv ke w respekte lalwa. Sa espesyalman enpòtan pou defo sekirite yo paske ou oblije fè repare yo tousuit.

Tès Emisyon yo

Veyikil ki nan lis anba a dwe resevwa kalite tès emisyon sa yo chak ane, anplis de tès sekirite obligatwa pou tout veyikil ki anrejistre yo:

Tès Dyagnostik Abò (On-Board Diagnostic, OBD):

- Ane modèl 2009 ak nouvo machin pasaje, kamyon ak SUV yo
- Ane modèl 2009 ak nouvo machin dyezèl pou sèvis lejè (ak yon Evalyasyon Pwa Brit Veyikil oswa "Gross Vehicle Weight Rating, GVWR" 8,500 liv oswa mwens)
- Modèl ane 2009 ak nouvo machin mwayen dyezèl (ak yon GVWR 8,501 a 14,000 liv)
- Modèl ane 2009 ak nouvo machin mwayen pou sèvis ki pa dyezèl (ak yon GVWR de 8,501 a 14,000 liv)

Tès Opasite:

Ane modèl 1984 ak nouvo, machin dyezèl mwayen ak lou (ak yon GVWR 10,001 liv oswa plis) pa nan tès OBD.

Tès OBD

Enspeksyon dyagnostik abò a (OBD) se yon pati enpòtan nan Pwogram Verifye Veyikil Massachusetts la. Pa gen moun ki vle kondui yon machin ki ap jete gaz oswa ki ap poliye lè a. Yon motè oswa yon sistèm kontwòl emisyon ki pa efikas ajoute poliyan nan lè nan rejyon nou an epi redui ekonomi gaz yon veyikil.

Tès OBD a anjeneral pran anviwon twa minit. Enspektè a konekte òdinatè abò machin ou a ak yon analizè nan estasyon an, epi li telechaje done motè a ak kontwòl emisyon yo. Analizè a baze sou oto kontwòl sistèm OBD veyikil la ki fèt ak plizyè fonksyon:

Kominikasyon Èske sistèm OBD veyikil ou an kominike ak analizè a? Si sistèm OBD veyikil ou a pa ka kominike ak analizè estasyon an, yo dwe repara sistèm OBD a anvan yo fini ak tès emisyon yo.

Preparasyon Èske sistèm OBD veyikil ou a "pare" pou teste? Pandan w ap kondwi veyikil ou a, sistèm OBD entèn lan verifiye pèfòmans divès kalite eleman ak sistèm ki gen rapò ak emisyon yo. Si sistèm OBD a pa reyalize ase nan oto-kontwòl sa yo, veyikil ou a ka pa pare pou tès emisyon yo, epi analizè a ap voye yon rezilta ki "Pa Pare".

Lè yon machin echwe oswa yo voye l tounen nan enspeksyon an paske sistèm OBD li "pa pare," sa tou senpleman vle di ke nan moman li te prezante pou enspeksyon an, sistèm OBD machin nan pa t gen ase done valab ki te estoke pou evalye avèk presizyon machin lan nan sistèm kontwòl emisyon yo. Kèk pwosedi nan reparasyon oswa antretyen kapab entèwonp tanporèman alimantasyon kouran ki sòti nan batri yon veyikil ale nan òdinatè OBD li a, sa ki ap fè monitè yo "pa pare" pou yon tès emisyon paske pèt elektrisite an te efase tout rezilta diagnostik memwa òdinatè a. Yon fwa kouran an retabli, pou ke veyikil la kapab "pare" pou yon tès emisyon, òdinatè a dwe siveye divès kondisyon konduit ase lontan pou li ka fè kantite verifikasyon ki nesèsè a, detèmine si sistèm oswa eleman yo ki gen rapò ak emisyon yo fonksyone kòrekteman, epi estoke yon lòt fwa ankò enfòmasyon sa a.

Jiskaske òdinatè abò veyikil lan "pare" pou tès emisyon OBD a, veyikil la ap echwe nan enspeksyon inisyal li oswa yo ap voye li tounen pou yon dezyèm tès. Ka pa gen okenn lòt bagay mal nan veyikil la; òdinatè a tou senpleman bezwen reyalize verifikasyon l yo. Yon semèn nan kondui sou otowout ansanm ak nan vil nòmalman sifi pou reynisyalize sistèm lan epi bay yon lekti egzak sou pèfòmans machin lan.

Pou pase tès emisyon an:

- Veyikil ane modèl 2009 ak ane modèl ki pi resan yo kapab gen yon maksimòm yon monitè ki pa kontinye "pa pare".
- Veyikil ane modèl 2009 ak ane modèl ki pi resan yo ki resevwa yon esè OBD kapab gen omaksimòm yon monitè ki pa kontinye "pa pare".
- Si veyikil la echwe tès emisyon an avèk yon kòd pwoblèm dyagnostik ki gen rapò ak konvètisè katalitik, monitè katalis veyikil la dwe "pare" pou pase dezyèm tès la.

Kòd Pwoblèm Dyagnostik yo (DTC) Poukisa sistèm OBD a limen limyè pou Verifiye Motè a? Kòd pwoblèm dyagnostik yo endike ki sistèm oswa konpozan nan veyikil la ki pa fonksyone jan sa dwe fèt la. Egzamen kòd sa yo se premye etap nan dyagnostike pwoblèm ki gen rapò ak emisyon an. Kòd sa yo, ansanm ak lòt enfòmasyon nan sistèm OBD a, ede nan gide teknisyen reparasyon emisyon yo nan direksyon pyès ki pa bon yo epi ede nan elimine pwosesis "travay nan tatonnen an."

Verifiye Limyè Motè a. Èske limyè Verifiye Motè a (pafwa li gen etikèt "Service Engine Soon") ki limen? Lè limyè sa a limen, li endike youn oswa plizyè eleman nan sistèm kontwòl emisyon machin ou an pa travay jan li oswa yo te fèt pou yo travay la, epi yo bezwen fè reparasyon ki nesèsè yo. Si limyè a pa limen lè sistèm OBD a eseye limen li, pwoblèm sa a dwe korije.

Rezilta Tès Emisyon yo. Rezilta tès emisyon ou yo enprime sou Rapò Enspeksyon Veyikil la (Vehicle Inspection Report, VIR), ke enspektè a ap ba ou lè enspeksyon an fini. VIR la bay

enfòmasyon ke yon teknisyen reparasyon ka itilize pou dyagnostike epi repare veyikil ou a avan li ajoute plis polyan nan lè a. Sa ap evite w tou reparasyon ki pi chè sou wout la.

Si veyikil ou a pase tès emisyon OBD li yo ak enspeksyon sekirite li yo, yo ap ba li yon nouvo fich sou vit veyikil la ak yon nimewo an nwa ki endike mwa espirasyon an. Si yo detekte yon pwoblèm pandan tès OBD a, veyikil ou a ap echwe nan enspeksyon li a epi yo ap bezwen repare li. Li ap resevwa yon fich sou vit veyikil la ak yon R an nwa. Lè li pase yon dezyèm tès, yo ap ranplase fich R an nwa a ak yon fich ki gen yon nimewo an nwa ki reprezante mwa ekspirasyon an.

Rezon Abityèl Ki Konn Fè Veyikil Yo Echwe Nan Tès Emisyon Yo Kòz ki pi abityèl nan echèk pou tès misyon yo gen ladan yo:

- Konpozan ki regle rapò lè/gaz ki ap mal fonksyone, tankou kaptè oksijèn yo
- Valv resikilasyon mòflè a (xhaust gas recirculation, EGR)
- Motè kap tranble
- Konvètisè katalitik
- Kontwòl evaporatif, ki gen ladan bouchon gaz ki pa bon

VIR la bay enfòmasyon ke yon teknisyen reparasyon ka itilize pou dyagnostike epi repare veyikil ou a. Sa ap evite w tou reparasyon ki pi chè sou wout la.

Tès Opasite sou Veyikil Dyezèl ki Lou Yo

Yo ilize Tès opasite apati akselerasyon pou kamyon dyezèl Yo, otobis yo ak lòt veyikil lou yo (ki gen yon GVWR ki egal oswa siperyè a 10 001 liv) ki pa sijè ak yon tès emisyon OBD.

Nan tès sa a, enspektè a itilize yon opasimèt oswa "fimijèn" pou mezire lafimen ki ap soti nan mòflè veyikil la. Plis lafimen an pi fonse, se plis veyikil la polyan epi plis lekti opasite yo ap pi wo.

Lekti ki soti nan twa "snaps" akselerasyon yo se mwayèn. Yo konpare mwayèn final la ak estanda emisyon an pou ane modèl la ak kalite veyikil la. Nouvo veyikil yo gen kontwòl emisyon ki pi sofistike, epi yo dwe respekte estanda ki pi estrik yo.

Kesyon Tès Emisyon yo

Veyikil mwen an echwe nan tès emisyon li yo pou non kominikasyon. Kisa m ta dwe fè?

Mennen veyikil ou a nan yon Etablisman Reparasyon Emisyon Ki Anrejistre pou detèmine poukisa òdinatè abò li a pa t kapab kominike ak ekipman tès estasyon enspeksyon an.

Enspektè mwen an te di m ke mwen dwe mennen veyikil mwen nan yon Sant Asistans otomobilis (Motorist Assistance Center, MAC). Kisa ki ap rive lè mwen ale la?

Teknisyen Mac yo ap fè analiz anplis sou veyikil ou a an fonksyon rezon ki fè yo te voye l tounen an. Yo ap kapab reponn kesyon w yo epi eksplike w poukisa yo te voye tounen veyikil ou a ak kisa w bezwen fè ansuit.

Mwen te mennen veyikil mwen an pou dezyèm tès gratis li a nan 60 jou apre premye enspeksyon an, men yo te chaje m pou yon lòt enspeksyon. Poukisa?

Ou gen dwa pou yon dezyèm tès gratis nan 60 jou nan estasyon ki te enspekte machin ou a okòmansman an. Si w ale nan yon lòt estasyon pou dezyèm tès la, y ap fè w peye.

Si w kwè yo te fè w mal peye pou dezyèm tès ou a, ou ka elijib pou yon ranbousman. Anplwaye nan sèvis kliyantèl ki ap Tcheke Veyikil nan Massachusetts la ka eksplike w pwosedi ranbousman an.

Mwen te fè premye enspeksyon mwen an sa gen plis pase 60 jou. Si mwen retounen pou yon dezyèm tès, mwen peye tout kantite lajan an epi m echwe ankò, èske m ap resevwa yon lòt 60 jou oswa èske 60 jou yo ap konte sèlman apati dat premye enspeksyon an?

60 jou yo konte apati dat enspeksyon inisyal la.

Ki kote m ka jwenn yon Etablisman Reparasyon Emisyon ki Otorize?

Si veyikil ou a echwe nan tès emisyon li an, w ap jwenn yon lis Etablisman Reparasyon Emisyon ki Otorize nan Rapò Enspeksyon Veyikil (VIR) ke enspektè a ap ba ou a. Ou ka rele Sant Sèvis Kliyan nou an tou nan 1-844-358-0135, oswa [itilize zouti pou lokalize RERF la](#) pou jwenn yon kote ki bon pou ou.

Mwen vle fè yon demann yon Ekstansyon oswa yon Pwolongasyon Delè Reparasyon an nan ka Difikilte Ekonomik yo. Kisa ki premye etap la?

Rele Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-844-358-0135 apre veyikil ou a fin echwe nan premye enspeksyon emisyon li a pou kòmanse pwosesis sa a.

Mwen te fè yon Etablisman Reparasyon Emisyon ki Otorize prepare yon estimasyon reparasyon pou mwen te kapab aplike pou yon Ekstansyon Reparasyon nan Ka Difikilte Ekonomik. Kòman mwen ka konnen si kantite lajan ki endike yo valid?

Kontakte Sant Sèvis Kliyantèl nou an nan 1-844-358-0135 pou detèmine si w kalifye pou yon Ekstansyon pou Reparasyon nan ka Difikilte Ekonomik.

Konbyen kòb mwen bezwen depanse pou reparasyon pou m ka kalifye pou yon Ekstansyon Emisyon si veyikil mwen an echwe pou kòd pwoblèm dyagnostik yo (diagnostic trouble codes, DTC)?

Etdone ke kantite lajan sa a varye an fonksyon kòd dyagnostik espesifik yo ak ane modèl veyikil ou a, ou dwe kontakte sant sèvis kliyantèl nou an nan 1-844-358-0135.

Mwen te fè kèk reparasyon nan veyikil mwen an anvan mwen te resevwa lòt reparasyon anplis nan yon Etablisman Reparasyon Emisyon ki Otorize, epi ansuit mwen te mennen l tounen nan estasyon enspeksyon orijinal la pou yon lòt tès. Si mwen mande yon ekstansyon nan kontwòl emisyon yo, èske y ap konsidere reparasyon ke mwen te fè yo nan kalkil elijibilite m nan?

Non, se sèlman reparasyon yon Teknisyen Reparasyon Emisyon ki Otorize fè nan yon Etablisman Reparasyon Emisyon ki Otorize yo ka aplike nan kalkil elijibilite pou egzansyon emisyon an.

Poukisa mwen oblije fè yon dezyèm tès anvan mwen aplike pou yon egzansyon emisyon si mwen konnen veyikil mwen an ap echwe?

Dezyèm tès la pèmèt ou evalye efikasite reparasyon yo te fè nan veyikil ou a epi detèmine si gen nenpòt kondisyon ki egziste ki ta fè veyikil ou a pa elijib pou yon egzansyon. Veyikil ki gen sèten pwoblèm ki lakòz twòp emisyon, tankou pàn konvètisè katalitik, pa satisfè kritè egzansyon yo.

Èske mwen ka aplike pou yon egzansyon emisyon si 60 jou mwen yo fini?

Si veyikil ou a echwe nan tès emisyon li a, yo dwe ba li yon egzansyon nan espas 60 jou apre premye enspeksyon li a pou li kontinye opere legalman.